Ekologiya

# АРАЛБОЙЫ РЕГИОНЫНДА ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МАШҚАЛАЛАРДЫҢ ҚӘЎИПСИЗЛИГИН ТӘМИЙИНЛЕЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**А.С.Нурланов** - *үлкен оқытыўшы*
**К.М.Джақсымуратов** -*үлкен оқытыўшы*
**Р.Т.Гайпова** - *педагогика илимлери кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** экологик офат, экологик хавфсизлик, эпицентр, бузилиш, Орол денгизи, Қизилкум, Қоракум, Оралқум, атмосфера, иқлим, ер, сув, тупроқ, ҳаво, ҳарорат, табиий заҳиралар, оқилона фойдаланиш, санитария, медицина, гинекология, туберкулёз, инфекция.

**Ключевые слова:** экологический кризис, экологический безопасность, эпицентр, деградация, Аральское море, Кизилкум, Каракум, Аралкум, атмосфера, климат, земля, вода, почва, воздух, температура, природные ресурсы, рациональное использование, санитария, медицина, гинекология, туберкулёз, инфекция.

**Key words:** environmental crisis, environmental safety, epicenter, degradation, Aral sea, Kizilkum, Karakum, Aralkum, atmosphere, climate, land, water, soil, air, temperature, natural resources, rational use, sanitation, medicine, gynecology, tuberculosis, infection.

1960-80-жылларда Орайлық Азия республикалары экономикасының аграр тараўындағы пахта шийки затын жетистириўде егислик жерлердиң шектен тыс ашылыўына байланыслы неше әсирлерден бери теңизди суў менен тәмийинлеп келген Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрьяның суў ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланбаўы нәтийжесинде Арал теңизиниң қурыўы менен экологиялық кризис жағдайларының пайда болыўына алып келди.

Президентимиз Ш. Мирзиёев БМШ ның 2017-жылы 19-сентябрде болып өткен 72-сессиясында сөйлеген баянатында «Бүгинги күнниң ең өткир экологиялық машқалаларынан бири – Арал кризисине және бир мәрте дыққатыңызды қаратпақшыман. Мине, мениң қолымда – Арал апатшылығы сүўретленген карта. Ойлаўымша, буған артықша түсиндирмениң кереги жоқ. Теңиздиң қурыўы менен байланыслы ақыбетлерди сапластырыў халықара көлеминдеги сай-ҳәрекетлерди бирлестириўди талап етпекте. Биз БМШ тәрепинен Арал апатшылығынан жәбир көрип атырған халықларға әмелий жәрдем көрсетиў бойынша усы жылы қабыл етилген арнаўлы дәстүр толық әмелге асырылыўының тәрепдарымыз» [1] деп атап өткен еди.

Майданы 66 мың кв км болған Орайлық Азиядағы ең ири көллердиң бири болған Арал теңизи кейинги 45-50 жыл ишинде теңиздиң қәдди 53 абсалють метрден 22 метрге төменледи, суў бетиниң майданы 5,8 мәртебе, суўының көлеми 80 км$^3$ қа қысқарды, ал суўының дузлылығы болса түслик Аралдың батыс бөлиминде 110-112 г\л ге көтерилип, теңиздиң суўдан қурғаған майданы 4,8 млн гектардан асып кетти.

Арал бассейни жағалаўларына Қазақстанның Қызыл-Орда областы менен Актюбе областының қубласы, Түркменстанның Қарақум каналының арқа жағалаўлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасының барлық аймақларын өз ишине алып оның әтирапындағы экологиялық тәсир етиў зонасында 38 миллионнан аслам халықлар жасамақта.

Кейинги жылларда Арал теңизи жағалаўларында ҳаўа райының климатлық шәраятларының белгили дәрежеде өзгериўи сезилмекте. Жаўын-шашынлардың орташа муғдары мәўсимлер бойынша төменледи, теңиз суўының қайтыўы менен қурғақ территориялардың майданы көбейип, жер бетинен орташа суўдың парланыўы жылына 1700 мм ге жетти, ал, ҳаўаның ығаллығы 10% ке кемейди. Ҳаўаның температурасы қыста төменлеп, жазда 3-5 градусқа көтерилди. Жаз мәўсиминде ҳаўа райының температурасы айрым күнлерде +50 С$^0$ градусқа шекем жетти. Арал теңизи бойлары ҳаўа райының сыпатлы белгилериниң бири шаңлы дүбилейли күнлердиң санының артыўы ҳәм жыл даўамында көп қайталаныўы есапланады. Арал теңизи районында күшли самаллар ҳәр ўақыт гүзетилип, батыс теңиз жағалық районларында оның узақлығы 50 суткадан асып кетеди. Самалдың максимал тезлиги 20-25 м/сек ға жетеди.

Аралбойы регионында жер ҳәм суў ресурсларының сапасы төменлеп, экосистеманың турақлылығы ҳәм дүзилиси бузылып қоршаған орталықтың зәҳәрлениўи артып бармақта. Жыл даўамында 90 күнге шекем құмлы, дузлы шаңлы дүбилейлер ҳәрекет етип қурғаған теңиз суў астынан атмосфраға жылына 75 мың тонна қум ҳәм шаңлар тарқалмақта. Барлық қурғаған теңиз суў астынан ҳәр жылы 39 мың тонна дузлар тарқалмақта. Теңиз ултаны астында Арал қум шөли 2 млн ға шамалас өнимдарлы ҳәм отлақлы жерлерди басып алды. Космослық сүўретлерге қарағанда Арал теңизи территориясы шаң ҳәм дузлар менен қапланып, оның радиусы кейинги мағлыўматларға қарағанда шығыста Япония атаўы таўлы музлықларында, батыста Европаның Норвегия тоғайлы зоналарына шекем тарқалған.

Арал теңизи қурғаған ултанынан көтерилген 80-100 мың тонна дузлы, қумлы шаңлар теңизден 500 км аралықларда максимал тарқалып аўыл хожалық егислик жерлериниң күшли шорланыўына себепши болмақта. Қарақалпақстан Республикасы бойынша улыўма егислик майданларының 26,2 проценти ҳәлсиз шорланған, 37,2 проценти орта шорланған, 35,2 проценти күшли шорланған, 1,2 проценти жүдә күшли шорланған топырақлар қатарына киреди. Егислик жерлердиң шорланыўы нәтийжесинде топырақтың өнимдарлығын тәмийинлейтуғын гумус шириндилери төменлеп, топырақ бонитетине кери тәсирин тийгизбекте. Мысалы, 2008-жылда Қарақалпақстанда аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўдиң көлеми 1980-жылға салыстырғанда пахта жетистириў 41,7 % ке, ғәлле жетистириў 57,7 % ке, салы жетистириў 5,8 % ке төменлеп кеткен.

Отлақлы жерлердиң өнимдарлығы тең жартыға қысқарды, ал дәрья алапларының өсимлик қатламларының өнимдарлығы 10 мәртеге кемейди. Өсимлик шерикликлериниң тутып турған майданы 36 % тен 8 % ке, ал ўақты-ўақты суўланып туратуғын майданлар 40 % тен 20% ке дейин қысқарды. Усының менен бирге суўалмалардың ҳәм дельталардың шорланған ҳәм саҳраға айланған майданлары 25 % тен 75 % ке шекем өсип бармақта.

Арал теңизи суў бети көлеминиң қысқарыўы нәтийжесинде теңиз әтирапындағы жерлерден 800 мың гектарға шамалас қамыслар қуўрап қалды, 1,3 млн га тоғайлықлар ығаллықтың жетиспеўи нәтийжесинде жоқ болып кетиў қәўпи бар. Тәбийий жайлаўлардың зүрәәтлилиги 5 млн ц от жем бирлигине төменлеп, 100 ге жақын ири ҳәм майда көллер қуўрап, олардың орнында шорлақлар пайда болды [2].

Регионда санитариялық, экологиялық жағдайлардың қурамаласыўы биринши гезекте усы орталықта жасап атырған халықлардың денсаўлығына, турмыс тәризине ҳәм олардың социаллық-экономикалық раўажланыўына унамсыз тәсирин көрсетпекте.

Ҳаўаның патасланыўы, топырақтың шорланыўы ҳәм ишимлик суўлардың жарамсызлығы адамлардың, ден саўлығына кери тәсирин көрсетип, ҳәзирги ўақытта 200 мыңнан аслам адам тез жәрдем мүтәжлигине ийе. Суўдың күшли минерализацияланыўы болажақ аналардың жынысына ҳәм жүклилик дәўиринде унамсыз тәсири менен ҳәр қандай гинекологиялық аўырыўлардың көбейиўине себепши болмақта.

Президентимиз Ш.Мирзиёевтың Арал апатшылық зонасында жайласқан Мойнақ халқы менен ушырасыўында «Арал бойында экологиялық шәраят жүдә

аўыр. Бизлер Қарақалпақстанды медициналық хызмет көрсетиў бойынша үлгиге айландырмақшымыз. Бизиң бундай қайырлы исимизден адамлар ыразы болыўы керек. Қашан разы болады? Ден саўлығы беккем болса! Сонда кеўили хош болады, өмири узаяды. Енди есабат, статистика менен емес, адамлардың кеўил хошы менен жасаўымыз керек» деген еди.

Экологиялық апатшылық эпицентринде жасап атырған халықтың арасында анемия, бөтеке, баўыр, рак, астма ҳәм жүрек қан тамыры кеселликлери көбеймекте. Қарақалпақстанда жас балалардың ҳәм аналардың өлими бойынша ҒМДА еллери ишинде жоқары көрсеткишлер сақланып қалмақта. Соңғы 10 жылда - туберкулёз, онкологиялық, инфекциялық ҳәм паразитлик кеселликлер – паратиф, тиф, гепатит кеселликлери еки мәртеге көбейген [3].

Арал теңизи қурғаўы менен байланыслы қоршаған орталықта пайда болған климаттың өзгериўи, шөллениўдиң артыўы, топырақлардың шорланыўы, суўлардың патасланыўы, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясының деградацияланыўы, жергиликли халықтың ден саўлығы, азық аўқат ҳәм қәўипсиз таза ишимлик суўлары менен тәмийинлеў қусаған экологиялық машқалаларды жумсартыў мақсетинде Президентимиз Ш.Мирзиёев басламасы менен 2018-жыл 24-августта Туркменбашы қаласында Аралды қутқарыў халықаралық фондын шөлкемлестириўши мәмлекетлердиң басшылары кеңеси мәжилисинде БМШ қәўендерлигинде Аралбойы регионы ушын арнаўлы Траст фондын шөлкемлестириў ҳәм конструктив регионаллық бирге ислесиў хаққында пикирин алға сүрген еди.

Ҳәзирги ўақытта инсан қәўипсизлигин сақлаў бойынша дүньяның түрли регионларында 50 ден аслам БМШ ниң халықаралық траст фондлары жумыс алып бармақта. 2019-жылы 24-январьда Нөкис қаласынан 300 км узақлықта Арал теңизи қурғаған ултанында БМШниң Аралбойы регионында экологиялық машқалаларды турақластырыў менен инсан қәўипсизлигин сақлаў бойынша халықаралық траст фонды пресс-клубтың гезектеги сессиясы өткерилди. Траст фонды презинтациясында пүткил жәҳән жәмийетшилигине Арал теңизи қурыўы менен регионда пайда болған апатшылық ақыбетлери глобаллық машқалаларға айланыўы, инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында мәмлекетлердиң биргеликли жумыс алып барыў кереклиги атап өтилди.

Аралды қутқарыўдың халықаралақ фондының тийкарғы ўазыйпасы дүнья мәмлекетлериниң донорлық байланысларын мобилизациялап, оларды Аралбойы экологиялық, сиясий-экономикалық бағдардағы жумысларға тартыў, регионда жәбир көрип атырған халықлардың экологиялық, экономикалық, азық-аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеўде инновациялық проектлер ҳәм технологияларды жәмлестирип өзине тән кластерлер жаратыў болып табылады. Траст фондының шөлкемлестирилиўи менен оған дәслепки күннен баслап Япония, Норвегия, Қатар ҳәм Сауд Аравиясы мәмлекетлери донорлық қаржыларын каратты.

Президентимиздиң 2018-жылдың 15-16-ноябрь күнлери Қарақалпақстанға сапары даўамында берилген тапсырмалар ҳәм кеңейтирилген тәризде өткерилген мәжилис протоколы тийкарында 2019-2021-жылларда Арал теңизи әтирапында 500 мың гектар «Жасыл қапламлар» жаратыў ўазыйпалары белгиленген еди. Усы мақсетте Өзбекстан Республикасы тоғай хожалығы мәмлекетлик комитети менен Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети тәрепинен усынылған проект тийкарында 2018-жылдың 17-декабринен баслап Мойнақ қаласынан 45 километр узақлықта Аралдың қурғаған ултанында штаб шөлкемлестирилип, жасыл қапламаны қорғаў тоғайларын жаратыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасынан 217, Республикамыздың 11 ўәлаятынан 290, жәми 507 инженерлик ҳәм аўыл қурылысы техникалары мобилизацияланды.

Аралдың қурғаған ултанында жасыл қапламаларды пайда етиў, топырақтың ығаллылығын тәмийинлеўде Мойнақ қаласынан 200 километр арқада жайласқан Возрождение атаўының Шағала деген жеринде 260-280 метр тереңликтен пор дәўири жатқызықларынан душшы суў артезиан булағы көз жарды. Аралбойы дала гидрогеологиялық экспедициясы тәрепинен Мойнақ районы, Сүргил, Ахантай жерлеринен 40 қа жақын артезиан суў көзлерин ашыў режелестирилмекте.

Солай етип, Аралдың қурғаган ултанында жасыл қапламаларды, тоғайзарлықларды пайда етиў арқалы көшпели қумлардың хәрекетлерин иркиўге, теңиздиң қурғаған ултанынан көтерилетуғын дузлы шаңлы дүбелейлердиң азайыўына себепши болып егислик жерлердиң шорланыўын кемейтеди. Тоғайлар пайда болғаннан кейин аймақта жайлаўлар пайда болады, шарўашылық раўажланады. Бул болса, экономикалық мәселелерге шешим болады ҳәм усының нәтийжесинде халықтың социаллық жағдайы жақсыланып барады.

Аралбойы регионында экологиялық қәўипсизликти тәмийинлеўде халықаралық шериклик тийкарында мәмлекетлердиң сай хәрекетлериниң унамлы шешими, елимизди турақлы соцаллық экономикалық раўажландырыўдың баслы шәртлериниң бири болып биринши нәўбетте төмендеги илажларды жеделлестириўди талап етеди:

- суў ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланыў мақсетинде Әмиўдәрьяның ортанғы ҳәм төменги ағымы хожалықларында суўды бөлистириўдиң халықаралық өлшемлери бойынша берилиўин қадағалаў;
- регионда экологиялық кескинликти келтирип шығарыўшы теңиз суўының қурғаған ултанынан қум ҳәм дузлардың көтерилиўиниң алдын алыў мақсетинде дузға шыдамлы өсимлик ҳәм путалы тоғай ландшафтларын қәлиплестириў;
- Арал жағалаўларындағы тәбийий компонентлерди ҳәзирги жағдайында сақлап қалыў мақсетинде қорықханаларды көбейтиў;
- жергиликли халықлардың саламатлығын қорғаў максетинде халқы тығыз жайласқан ҳәр бир қала ҳәм районларға медициналық ҳәм сапалы ишимлик суўларды жеткерип бериўши заманагөй қурылмалар менен тәмийинлеў.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. 2017 жылы 19-сентябрьде БМШ ниң 72 сессиясы мәжилисинде сөзге шығыўы.
2. Бахиев Е.С., Ешанов Г. Дәўиримиздиң экологиялық машқалалары. -Нөкис: «Билим», 2001.
3. Четвёртая конференция министров. Окружающая среда для Европы. Государства Центральной Азии: Оценка окружающей среды. Дания Орхус, июнь, 1998.



**РЕЗЮМЕ**

Орол денгизи қуриши натижасида Қорақалпоғистон Республикаси ҳудудида экологик офатнинг мураккаблашиши бу ердаги табиий муҳитнинг ўзгаришига, айниқса, халқ хўжалигининг барча тармоқларига салбий таъсирини ўтказмоқда. Мақолада экологик инқирознинг табиий муҳитга таъсири ва табиий бойликлардан оқилона фойдаланишнинг аҳамияти ҳақида фикр юритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В результате высыхания Аральского моря экологический кризис возникший в регионе привёл к изменению природной среды, и оказывает отрицательное влияние на все отрасли народного хозяйства Республики Каракалпакстан. В статье рассматривается оценка последствий экологического кризиса в природной среде, основная роль и важность рационального использовании природных ресурсов.

**SUMMARY**

The consequence of drying the Aral Sea brought to the ecological crisis that in its turn brought to changing of the natural environment and made a negative influence on all branches of national economy in the Republic of Karakalpakstan. The author of the article studies the consequences of the ecological crisis in the natural environment, the main role and importance of rational use of natural resources.